



Pou Piblikasyon Imedya: 12/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ÈD POU CHOFAJ KAY AK EFIKASITE ENÈJI POU EDE NOUYÒKÈ YO BESE DEPANS POU CHOFAJ NAN IVÈ SA A

Nouyòkè ki elijib yo ka resevwa jiska 1,000 dola nan asistans chofaj pandan y ap prepare pou tanperati ki pi frèt k ap vini yo

Pwogram Eta ki gen rapò ak li bay efikasite enèji ak sèvis klimatizasyon pou ede bese depans enèji

Nouyòkè ki elijib yo ka aplike pou asistans jodi a nan [ny.gov/heat](https://www.ny.gov/heat)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke finansman disponib pou ede fanmi ki gen revni ba ak mwayen ak granmoun aje diminye pri enèji yo epi kenbe kay yo cho pandan mwa ivè frèt yo. Aplikasyon pou Pwogram Asistans Enèji nan Kay (Home Energy Assistance Program), oswa HEAP, ki kapab bay jiska 996 dola pou fanmi ki elijib yo, kounye a ouvè pou Nouyòkè yo. Yo te bay plis pase 1.7 milyon dola benefis HEAP sezon fredri pase a, sa ki te mete plis pase 397 milyon dola an retou nan pòch fanmi yo atravè eta a.

"Nouyòkè yo pa ta dwe oblije chwazi ant chofe kay yo oswa mete manje sou tab yo, epi n ap ofri asistans finansye enpòtan pou pwoteje kay vilnerab Nouyòk yo pandan tan an ap vin pi frèt", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram Asistans Enèji nan Kay la remèt lajan nan pòch Nouyòkè yo — ede fanmi yo rete cho pandan sezon ivè a epi bay soulajman finansye ki nesèsè anpil. Mwen ankouraje tout Nouyòkè ki elijib pou aplike jodi a."

Atravè HEAP, yon pwogram ki finanse federalman, Nouyòkè k ap pran swen manm fanmi vilnerab yo ki gen ladan moun ki poko gen 6 zan, moun ki gen laj 60 ane oswa plis oswa rezidan ki andikape pèmanan, elijib pou [resevwa jiska 996 dola nan asistans chofaj](#). Benefis HEAP yo disponib tou pou pwopriyetè kay ak lokatè ki elijib yo selon nivo revni yo, gwosè kay yo ak sistèm chofaj k ap fonksyone yo. Yon fanmi ki gen kat moun ka gen yon maksimòm revni brit chak mwa ki se 6,390 dola, oswa yon revni anyèl brit 76,681 dola, epi li toujou kalifye pou benefis, ki make yon ogmantasyon siyifikatif pa rapò ak maksimòm ane pase a nan yon revni brit 5,838 dola, ak yon revni anyèl brit 70,059 dola.

Fanmi ki kalifye yo ka resevwa yon HEAP chak sezon epi ta ka kalifye pou jiska de avantaj ljans HEAP si yo gen risk manke konbistib pou chofaj oswa pou yo ta koupe sèvis yo. Yo aksepte aplikasyon pou benefis HEAP kounye a, alòske aplikasyon pou benefis HEAP pou ljans yo ap ouvri 2 janvyè 2025.

Nouyòkè ki elijib yo ka aplike nan ny.gov/heat Yo aksepte aplikasyon pou asistans nan [departman sèvis sosyal lokal la](#) epi yo ka [soumèt yo sou entènèt oswa an pèsòn](#). Anplis de sa, granmoun aje ki bezwen asistans ak aplikasyon HEAP ka kontakte [biwo lokal pou vyeyès la](#) oswa kontakte liy asistans NY Connects la nan 1-800-342-9871.

Komisè Biwo Eta Nouyòk pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape, Barbara C. Guinn, te deklare, "HEAP bay asistans finansye esansyèl ki pral ede plizyè santèn milye kay ki gen revni ba ak modere nan Nouyòk peye bòdwo enèji yo sezon fredè a. Nou rekonesan pou sipò kontinyèl Gouvènè Hochul nan pwogram asistans ekonomik vital sa a. HEAP se yon liy sovtaaj pou fanmi travayè ki gen revni fèb yo ak granmoun aje sou yon revni fiks epi li bay sipò finansye tou pou asire moun ki nan sitiyasyon ijans yo ka kenbe chalè a epi kenbe kay yo cho pandan mwa ivè frèt yo. Mwen ankouraje tout fanmi ki elijib pou aplike pou asistans sa a."

Greg Olsen, ki se Direktè Biwo Eta Nouyòk pou Granmoun Aje a, te deklare, "Pwogram Asistans Enèji nan Kay la mete aksan sou angajman Nouyòk pou ede moun ki nan bezwen, sitou granmoun aje ki gen yon revni fiks. Mwen ankouraje tout moun ki elijib pou aplike ak granmoun aje ki bezwen asistans ak aplikasyon HEAP pou yo kontakte [biwo lokal pou vyeyès la](#) oswa kontakte liy asistans NY Connects nan 1-800-342-9871. Anplis de sa, ou ka kalifye pou plis avantaj finansye atravè pwogram tankou [Pwogram Ekonomi Medicare](#) ak [Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanè](#) (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP)."

Benefisyè HEAP 2023-2024 yo

Rejyon	Total Benefis yo bay
New York City	989,330
Long Island	84,354
Hudson Valley	111,123
Capital Region	79,593
Western New York	171,321
Central New York	70,525
Finger Lakes	101,886
Mohawk Valley	61,163

North Country	51,587
Southern Tier	66,813
Total	1,787,695

Resous yo disponib tou pou ede pwopriyetè kay ki kalifye yo si sistèm chofaj prensipal yo pa an sekirite, pa fonksyone, oswa si yo dwe repara oswa ranplase chodyè a. Kantite benefis yo atravè pwogram Reparasyon oswa Ranplasman Ekipman Chofaj HEAP yo baze sou pri aktyèl ki nesèsè pou amelyorasyon ekipman chofaj yo, ki pèmèt jiska 4,000 dola pou yon reparasyon ak 8,000 dola pou yon ranplasman.

Pwopriyetè kay ki kalifye yo kapab aplike tou kounye a pou yon avantaj pou [Netwaye ak Regle Ekipman Chofaj HEAP](#) pou asire ke sous chofaj prensipal kay yo a fonksyone byen. Sèvis sa yo ka gen ladan netwayaj chemine, ti reparasyon, ak enstalasyon detektè monoksid kabòn (CO) oswa tèmosta ki ka pwograme. Pwopriyetè kay yo ka elijib pou benefis yo tou si sistèm chofaj yo gen plis pase 12 mwa oswa si yo poko netwaye pwofesyonèlman nan dènye 12 mwa yo. Kantite benefis ki rive jiska 500 dola, yo baze sou pri aktyèl yo fè pou bay sèvis pwòp ak ajiste. Aplikan pou benefis sa yo ta dwe kontakte [depatman sèvis sosyal lokal pa yo](#) pou plis enfòmasyon.

HEAP konplete anpil pwogram eta ki fèt pou ede Nouyòkè ki gen revni ki ba ak mwayen yo kenbe lajan nan pòch yo atravè kredi bòdwo sèvis piblik dirèk, rabè ak asistans. Anplis de sa, gen yon varyete ankourajman ak sipò ki disponib pou amelyore efikasite enèji ki ekonomik.

[Pwogram EmPower+](#) Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la kapab bay pwopriyetè kay ak lokatè ki elijib pou HEAP yo sèvis efikasite enèji ki ba, tankou evalyasyon enèji konplè ki ede detèmine plan pou itilizasyon enèji pou kay ki pi ba yo. Espesyalman, gen finansman ki disponib pou amelyorasyon enèji efikas nan kay yo ki gen ladan selaj lè, izolasyon, ponp chalè, aparèy chofaj dlo ak ponp chalè, sèvis elektrik ak amelyorasyon kabla.

Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta Nouyòk administre [Pwogram Asistans pou Klimatizasyon](#) (Weatherization Assistance Program, WAP) ki ede fanmi ki elijib pou HEAP diminye depans enèji, konsève enèji, ak amelyore estanda sekirite ak sante. Sèvis WAP, ki ofri atravè yon rezo [founisè sèvis lokal](#) nan tout eta a, gen ladan enstalasyon izolasyon nan grenye ak mi yo, reparasyon ekleraj ak refrijerasyon ak selaj fant ak twou yo.

[Pwogram Abòdabilite Enèji](#) (Energy Affordability Program, EAP) bay anviwon 2.7 milyon kay Nouyòk soulajman finansye atravè opòtinite rabè fakti chak mwa sou bòdwo elektrik ak/oswa gaz natirèl. Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) Eta Nouyòk kontwole pwogram nan epi apwouve mezi jan sa nesèsè pou ranfòse ak amelyore pwogram nan.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare, "Eta Nouyòk rete inebnanlab nan angajman li pou sipòte fanmi yo nan abòde pri enèji. Pandan n ap pwoche bò kote mwa ki pi frèt yo, mwen ankouraje Nouyòkè ki kalifye yo pou yo pran avantaj sou mezi ekonomik sa yo atravè pwogram tankou Pwogram Asistans Enèji nan Kay (HEAP) la ak EmPower+, ki travay pou ogmante abòdabilite ak konpanse fado finansye yo."

Prezidan Komisyon Fonksyon Piblik Eta Nouyòk la Rory M. Christian, te deklare, "PSC travay di pou pwoteje enterè konsomatè yo, epi HEAP se yon pati enpòtan nan ekwasyon an pou asire kliyan ki gen revni fèb yo kapab peye bòdwo chofaj yo epi kenbe ekipman chofaj yo an fonksyon."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Tout Nouyòkè merite pou yo viv nan kay ki an sekirite ak konfòtab, sitou pandan tanperati ekstrèm yo. Pwogram Asistans Enèji nan Kay la pral asire fanmi ki kalifye yo gen resous yo bezwen pou kenbe kay yo cho nan ivè sa a. Anplis de sa, Pwogram Asistans Klimatizasyon nou an ede fè amelyorasyon ki efikasite an enèji ki ta ka diminye depans sèvis piblik yo plis toujou. Nou remèsye patnè nou yo nan Biwo Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) pou devouman yo pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite ak alèz pandan mwa ki pi frèt sa yo."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Pandan n ap antre nan mwa ivè ki pi frèt yo, plis fanmi k ap travay yo pral pote fado avèk ogmantasyon pri enèji nan kay yo. HEAP ofri yon liy vital pou fanmi yo atravè nasyon an, se poutèt sa mwen te mete presyon pandan tout manda mwen nan Kongrè a ap sipòte pwogram vital sa a ansanm ak lòt inisyativ abòdabilite enèji ak klimatizasyon yo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul dèske l ede nou bay sipò Nouyòkè yo bezwen pou kenbe tèt yo ak fanmi yo an sekirite ak cho nan mwa k ap vini yo."

Laurie Wheelock, ki se Direktè Jeneral ak Konseye Public Utility Law Project of New York ("PULP"), te deklare, "Okenn fanmi pa ta dwe oblije pran desizyon ki finansyèman difisil ant peye bòdwo chofaj yo oswa viv san lòt nesosite, tankou manje ak medikaman. HEAP ka ede w lè l ofri yon soulajman finansye imedyat pou ede w peye bòdwo chofaj ou. PULP ankouraje Nouyòkè ki gen ti revni yo pou yo kontakte Depatman Sèvis Sosyal Konte lokal ou a oswa Administrasyon Resous Imèn NYC pou aprann plis sou HEAP epi aplike jodi a."

###

Lèt nouwèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)